*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

**№36 (60556) * 2020 с. * 5 октябрь * 18 сафар * 1442 с. * итни ***

*5 октябрь – мугIалимасул къо*

## ХIурматияй мугIалим



**ТIолгодунялалъулго учителасул къо кIодо гьабула щибаб соналъул 5 октябралъ нусгоялдаса цIикIкIун хIукуматазда.**
**Учительлъи (мугIалимлъи) ккола бищунго хIажатал хъулухъазул цояблъун. Лъай кьей гуребги учителасда тIаде ккола цадахъго тарбия кьейги.**

КIудияб талихIлъун рикIкIине бегьула жиндир гIумруялда унго – унгояв мугIалим – лъай бугев, махщел камилав, жиндирго дарс бокьулев ва лъималазе гьеб бокьизабизе бажарулев, данд чIвани. Щибав чиясулги ватула бищунго вокьулев учитель абун жидеца цIар чIварав мугIалимги. Гьединал, нилъер районалдаги руго гIемерал.

РакIалде ккола, ГIумарова Любовь Артемовна лъаларейги, хасго чIахIиязда гьоркьор, ратиларилан.

50 соналъ лъай ва тарбия кьуна гьелъ нус – нус Хьаргаби школалъул цIалдохъабазе. Жакъа къоялдеги, Любовь Артемовна кIочене течIого, школалъул учительзаби лъималгун цадахъ гьоболлъухъ уна, классалъул сагIтазда гьелъул бицуна.

Гьелъул къисматги, тарихиял хIужабиги, учителасул нухги, мухIканго бицун гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун йихьизаюла.

Любовь Артемовна йиго кутакалдасан гIадамал къиматай, калам гьуинай гIадан. Гьоболлъухъ унаго цебе чIола жиндихъе рачIингун гьелъ загьир гьабулеб роххел.

ГIемерал гIадамазда гьоркьой гIумру арай гьелъие, цIакъ рокьула тIаде рачIарал гьобол – гьудулги, жиндирго цIалдохъабиги.

Любовь Артемовналъул буго сонал аниги гьурмадаса хвечIеб берцинлъиги, цIодораб каламги, хIеренаб рагIиги.

Школалде ячине щвараб гIужда I938 соналъ, къисматалъ гьей рехана рикIкIадаб Дагъистаналде.

Любовь Артемовналъул эмен Артем Григорьевич Калачев хъизангун цадахъ, рачIана Хьаргаби ГЭС базе кумекалъе витIун. ГьитIинай Люба тIоцее школалде ана Курми росулъ. Гьенибго лъана дагь – дагьккун магIарул мацI. МагIарул гIумру – яшавалда рекъезабун гIумру тIамуна кинабго хъизаналъ.

I950 соналъ Любовь Артемовна цIализе лъугьана МахIачхъала шагьаралда Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб учительский институталде.

I952 соналъ гьебги лъугIун, КIикIуни росдал школалде хIалтIизе йихьизаюна. Амма гьебго соналъ цIалул сон байбихьарабго Хьаргаби школалде хIалтIизе тIамуна. I96I соналъ уна цIализе заочно ва чIахIиял классаздаги дарсал кьезе ихтияргун хIалтIула школалда.

25 соналъ хIалтIана Любовь Артемовна школалъул завучлъун. РукIана директорлъун хIалтIизе предложениял. Амма гьелъ жинцаго абухъе, гьеб хъулухъ рекIелъ босичIо. Бокьана дарсал лъималазе кьезе ва гIурус мацIалъул учителасул хIалтIи.

Зодил кьералъул хъахIилал беразул логод йорхатай гIурус яс рекIелъ йосана Хьаргабиса гIолохъанчи МухIамад ГIумаровасда. ГIуцIана берцинаб хъизан, гьаруна лъимал. Гьедин Любаца жиндирго тIолабго гIумру бухьана магIаруллъиялда.

Жиндирго ракIалде щвеязда, Любовь Артемовналъ бицунеб букIана, школалда лъабго сменаялъ хIалтIулей йикIарай заманаялъулги. 30 вас вугеб классалъе нухмалъи гьабиялъулги. ГIажаиблъизе ккараблъун букIана, Любовь Артемовналъ, жиндирго цIалдохъабазул бицунаго гьелда лъалеб бугоан гIемерисезул къисмат, хъизан – рукъ ва лъимал. Жиндирго лъималазухъ салам битIун бачIинги цIакъго рекIелъе босулеб бугоан гьелъ. Школалдаса рокъой чIаниги, Любовь Артемовналъ кидаго цIехолаан школалъул гIумру, школалъул программа. Гьелъул ракI щун гьечIоаан програмаялде гIурус мацIалъул произведениял нахъе рахъиялда. Лъай щвезе ккани гIемерал цIалдизе кколин ян абуна гьелъ. Телевизоралъ кьолеб лъай, гьеб лъай кколарин. Гьелъ бицана, мустахIикъаб хIухьбахъиялдаги тIехь нахъе лъечIилан. Рокъой чIарай заманалдаги гьабуна репититерство, къабул гьарулаан гIурус мацIалъ хъвараб текст битIун ккезабизелъун аскIоре рачIаралги.

Нижер харбида гьоркьосан, Любовь Артемовна чанго нухалъ сагIтихъ ялагьана.

**ахир 2-аб. гьум.**

### Баркула

**Хириял мугIалимзаби!**
**РакI – ракIалъ баркула нужеда байрам - мугIалимасул къо!**

**Нужеца тIаса бищун буго бигьаяб гуреб, амма къадруяб махщел – нилъер гIолеб гIелалъе лъаялде нух бихьизаби, ритIухълъи, лъикIлъиялде ва берцинлъиялде рокьи гьезулъ куцай. КиналгIаги методикиял ва дарсил алатаз хисуларо мугIалимасул хIеренаб калам ва рекIел хинлъи. ЦIалдохъанасе гъваридаб лъайкьеялда цадахъго гIумруялъул битIараб нух тIаса бищизе, ритIухълъигун берцинлъи цIунизе, цеветIураб инсан вахъиналъе кумек гьабула унго – унгояв мугIалимас.**

**Нилъер лъималазул ва пачалихъалъул букIинеселъул жавабиял руго нилъ киналго.**

**МугIалимасул къадру цIикIкIинабизе, гьесул гIумруялъе ва хIалтIуе мустахIикъал шартIал гIуцIизе хадубккунги хIаракат бахъизе буго.**

**Гьарула нужее район, Дагъистан ва Россия церетIезариялъе гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби!**

**Биччанте букIине кидаго роцIараб зоб, лъималазул гьимиялъ ва берцинлъиялъ кверщел гьабизе ракьалда тIад. Нужер щивасе тавпикъ кьеги мугIалимасул къадруяб цIар борхатго цIунизе.**

Р. МАЛАЧИЛОВ
районалъул бетIер




### Баркула

**ХIурматиял районалъул лъай кьеялъул хIалтIухъаби – педагогал!**

**Баркула нужеда профессионалияб байрам - учителасул къо.**

**Нилъер район цебетIураб буго лъай ва махщел камилал мугIалимзабаздалъунги, гьезул церетIеяздалъунги.**

**Профессионалияб байрамалда цебе, цIар – цIар ккун ратIа гьаричIониги, нилъер щивав педагог къеркьола жидеда цебе лъураб масъала бергьенлъиялда тIубазабизе, гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб лъайги, мисалияб тарбияги кьезе. Районалда ругел киналго гIакъилал, жал цойги махщелаз хисун бажаруларел къиматал, къадруял мугIалимзабазе гьарула хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, ракIалда ругел мурадал тIурай, чорхое щулияб сахлъигун рохел.**

**Биччанте цIалдохъабаз учителасул къадру – къимат гьабизе, гьезул бергьенлъабаз нужер ракIалги рохизаризе.**

**Районалъул лъайкьеялъул управление,**
**Профсоюзазул комитет**

**Байбихьи 1 гьум.**

Гьей йикІана какил гІуж борчІун ккезе гурилан хІинкъун. Как гІужда базе хІаракат бахъулин жиндицаян бицана Любовь Артемовналъ. Гьелъ гІемераб абулеб буго-ан Аллагьасде рецц ян, жиндие халатаб гІумру кьун теялъги, лъимал жиндир къимат бугел рукІиналъги, росдал гІадамаз кидаго къимат гьабулеблъиги. Гьелъул хІакъалъулъ хъвазе чанго нухалъ рачІун рукІана газет ва журналазул мухбирзаби.

Аслияб мурадги бугоан Любовь Артемовналъул, жиндир хІакъалъулъ лъикІай гІадан йикІанин гьейги, абуни гьеб бугин цохІо кьваригІараб гьаб дунял тун унаго.

РакІчІараб буго Любовь Артемовналъ лъикІаб лъалкІ теялда гьаб дунялалда. Гьей рекІелъ йикІиналда гІемерал цІалдохъабазда ва коллегабазда.

Учителасул кьоги гьоркьоб ккун ракІ – ракІалъ баркула хІурматияй мугІалим, профессионалияб байрам. Гьарула щулияб сахлъи, диналъе къуват, ракІ цІодорлъи ва жеги гІемерал сонал.

**Х. ШАМСУДИНОВА**





# КІиго сквер цадахъ

**Приоритетнияб проект «Мой Дагестан – комфортная городская среда» гІумруялде бахъинабиялъул хІасилалда 30 сентябралда КІикІуниб росулъ рохалилаб ахІвал – хІалалда рагьана кІиго сквер.**

Гьел рагьиялъул аслияб тадбир тІобитІана ясли – ахалда гьабураб сквералда. Рохалилаб кьо кІодо гьабизе гьениве вачІун вукІана районалъул бетІер Р. Малачиловги. Тадбиралде рачІарал КІикІуниб росдал жамагІаталъул, общественниял гІуцІабазул вакилзабазда ва лъималазда сквер рагьиялъул кьо баркун районалъул бетІер Р. Малачиловас абуна: «Жакъа гьабулеб тадбир ккола росдае тарихияблъун. Гьеб рагьизе бажарана Республикаялъул бетІер В. Васильевасул жигаралдалъун хІалтІизе биччараб «Мой Дагестан – комфортная городская среда» приоритетнияб проекталъул кумекалдалъун. Жакъа КІикІуниб росулъ рагьулеб буго кІиго сквер, гьаб кІиго соналда жаниб районалда рана 5 районалъул гІадамазе хІалхьи гьабизе шартІал чІезарурал паркалъулал зонаби. Приоритетнияб проект хІалтІизе байбихьизегІан районалда цониги букІинчІо гьединал бакІал».

ГІадамазул хІалхьи гьабизелъун сквералда гьабун буго канлъи, лъун руго скамейкаби, беседка, хасаб резиналъул гьабураб лъималазул хІаязул зона.

Проекталда рекъон къачІана КІудияб ВатІанияб рагъда гІахьаллъи гьабуразе бараб памятникалда сверухъ бакІги. Гьел хІалтІаби гьаруна кІиябго сквер гьабизе биччан букІараб тІокІ гьабизе кІвараб гІарцудасан.

**Суратазда:**
- Районалъул бетІерасулгун дандчІвай
- Лъимал – аслиял сквералдасан пайда босулел



# Рохалилаб ахІвал – хІалалда

**29 сентябралда Мурада росулъ, рохалилаб ахІвал –хІалалда рагьана цІияб сквер. Гьенире рачІун рукІана цІалдохъаби, умумул, гьениб хІалтІи гьабулел рукІарал, жамагІаталъул вакилзаби.**

Данделъаразда цеве вахъарав районалъул бетІер Р. Малачиловас жамагІаталда баркана цІияб сквер рагьи ва божилъи гьабуна хІалхьи гьабизе рагьараб бакІалдаса пайда босилин чІахІиязги лъималазги, гьеб бакІ киназего бокьулеб бакІлъун росулъги лъугьинилан. Росдал школалда рагьараб сквер бугеб бакІ цебе букІана чІунтельлъун. Республикаялъул бетІер В. Васильевасул жигаралдалъун хІалтІизе байбихьараб «Мой Дагестан – комфортная городская среда» проекталда рекъон гьеб тІоцебесеб гуро районалъул росабалъ гІадамазул рукІа – рахъин борхизабиялъе гІоло гьабураб сквер. Гьединалго бакІал рагьизе хІадур гьарулел руго КІикІуниб росулъги.

Цебе рехун тун букІараб бакІалда гьанже буго лъималазул площадка, плитаби лъураб рилъине нухал, мусор базе урнаби. Сквер рагьи росулъ сверана унго – унгояб байрамалде. Сквер рагьун лента кьотІун хадуб цІалдохъабаз гьениб гьабуна унго – унгояб концерт. АхІана кучІдул, гьаруна кьурдаби.

Къасе рукІкІараб мехалдацин чирахъаз гвангъизе гьабизе бугеб сквералдаса пайда босила росдал чІахІиязги гІисиназги, гьелда щаклъизе бакІ гьечІо.

Суратазда:
- Сквер рагьиялъул лента кьотІулеб
- цІалдохъабазул церерахъин



# ВЕЛОКРОСС



**Велосипед бачиналъул къецал гьал ахирал соназда районалда тIоритIизе байбихьаралдаса гьеб спорталъул тайпа гIемерго цебетIезе байбихьана районалда. Щибаб соналда КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босараб къоялде буссинабун гьеб тIобитIулаан апрель моцIалъул ахиралда. Гьаб соналда коронавирусалъул унти багъаричIого букIине лъураб карантинги хIисабалде босун гьеб тIобитIана, цереккунго гьарурал лъазабиялда рекъон 24 сентябралда.**

Гьеб спорталъул тайпаялъул рахъ кколел ва гIахьалчагIи ракIарана радалго районалъул администрациялъул минаялда цере. Къецал байбихьилалде спортсменазда ва гьеб бокьулезда цеве хинал рагIаби абун кIалъазе вахъана районалъул бетIер Р. Малачилов. Велокроссалда гIахьаллъи гьабулез нахъа тезе кколаан 24 км. манзилалъул, районалъул администрациялъул минаялда цебеса багIараб кьоде ва нахъруссун. Инструктажги тIобитIун лъазабуна къецазде байбихьи. Къецазда гIахьаллъи гьабулезда цадахъ чIезе гьарун рукIана хехаб медицинаялъул кумекалъул машина ва районалъул жанисел ишазул патрулалъулал машинаби. Гьениб гIахьаллъи гьабулеб букIана араб соналъул къецазда призалъулал бакIазде рачIарал спортсменазги. Гьаб соналда тIоцебесеб бакIалде вачIана ГI. Увайсов, кIиабилеб бакIалде – М. ГIабдулмуъминов ва лъабабилеб бакIалде Ю. ГIабдулмуъминов. ТIоцебесеб бакIалъе бихьизабун букIана I0 азарго, кIиабилеб бакIалъе 7 азарго ва лъабабилеб бакIалъе 5 азарго гъурущ гIарцулал сайгъатал дипломал ва кубокал. Бергьенлъиялде бугеб гIишкъуялъе гIоло хасаб приз щвана М. ХIусеновасе.

Къецал тIоритIиялъул жавабиял ва гьеб гIуцIарал рукIана районалъул администрациялъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитет, районалъул жанисел ишазул отдел ва «Молодежь Гергебильского района» общественнияб гIуцIи.

**Суратазда:** Велокроссалда



*соблюдайте меры безопасности!*

## СОБЛЮДАЙТЕ МЕРЫ БЕЗОПАСНОСТИ

**С начала текущего года в республике Дагестан зафиксировано свыше 66 пожаров только в домовладениях граждан, в том числе в многоквартирных домах.**

Основными причинами данных пожаров становятся возгорания из-за замыканий в электрических сетях, использование несертифицированных обогревательных приборов, а также халатность самих граждан, в том числе и несовершеннолетних детей, оставленных без присмотра. С учетом вышеизложенного отдел МВД России по Гергебильскому району доводит до граждан о необходимости соблюдения мер безопасности, недопущении использования несертифицированных и самодельных обогревательных приборов, электропроводки.

**ОМВД России по Гергебильскому району**

*к вашему сведению*

# ОПЕРАЦИЯ «ОРУЖИЕ - ВЫКУП»

**ОМВД России по Гергебильскому району напоминает. Постановлением Правительства Дагестана от 24 апреля 2014 г. № 184 установлена стоимость огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у жителей.**

Все те граждане, которые добровольно сдадут незаконно хранящееся у них оружие, будут освобождены от уголовной ответственности, предусмотренной за незаконное хранение оружия.

За каждое сданное оружие, боеприпасы и взрывные устройства установлена определенная плата. Например: цена выкупаемого пистолета или револьвера – 45 000 рублей, а газового пистолета или револьвера – 1 500 рублей; пистолет или револьвер кустарного производства – 3 000 рублей, а самодельное стреляющее устройство – 750 рублей; цена винтовки или автомата – 60 000 рублей; охотничье гладкоствольное ружье – 4 500 рублей, а охотничий карабин – 9 000 рублей; цена одной гранаты – 2 500 рублей, а патрона – 15 рублей. Те жители, которые желают добровольно сдать огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества, могут обратиться в любое территориальное подразделение МВД по Дагестану.

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет, револьвер | 45000 |
| 2. | Автомат | 60000 |
| 3. | Пулемет | 75000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 45000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 45000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 45000 |
| 7. | Винтовка СВД | 60000 |
| 8. | Пистолет – пулемет | 45000 |
| 9. | Охотничий карабин | 9000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 4500 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1500 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1500 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 3000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 750 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления ) за 1 грамм | 8 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль – детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 300 |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2500 |
| 21. | Ручная граната | 2500 |
| 22. | Мина | 1500 |

## Уважаемые жители района!

**Отделение пенсионного фонда Российской Федерации по Республике Дагестан сообщает, что на индивидуальном лицевом счете граждан 1981 года рождения и старше, проживающих на территории вашего района отсутствуют сведения о страховом (трудовом) стаже до 1 января 2022 года.** В связи с этим Отделением организована работа по дополнению (уточнению) лицевых счетов для создания удобных условий реализации права на пенсионное обеспечение этих граждан в будущем.

Также, при необходимости, специалист Пенсионного фонда окажет помощь в истребовании документов и проконсультирует по вопросам пенсионного обеспечения.

С учетом вышеизложенного, отделение Пенсионного фонда по РД просит граждан 1981 года рождения и старше, не являющихся получателями пенсии по старости, проживающих на территории вашего района, о необходимости посещения территориальных органов ПФР по месту прописки или фактического проживания в целях дополнения или уточнения индивидуальных лицевых счетов для формирования их будущей пенсии.

При себе необходимо иметь паспорт, трудовую книжку, снилс, документ об образовании, военный билет, свидетельства о рождении детей.

# МАКЪУ ЩОЛЕБ ГЬЕЧIОНИ



**Макъу щунгутIи буго нервабазул хIалтIул низам хвеялъул хIасил. Гьелде рачуна гIемерал унтабаз. Гьеб рукIалиде бачине тохтурзабаз хIалтIизарулел гIезегIан химиялъул дарабиги руго. Гьезда тIадеги щулияб макъу щвезабизе квербакъула даруял хурдузги.**

**1.** Хумелагалъул багIачалги гIисин гьарун гьезул 5 граммалъе 1 стакан гьалараб лъел хIисаб гьабун, тIокIкIел хIадурила. Стаканалъул ункъил бутIа гьекъела кваналелде цебе къойида жаниб 4 нухалъ.

**2.** ГIисин гьабун хъурараб мучаридул, 5 граммалъе 1 стакан бухIараб лъел хIисаб гьабун, тIокIкIел хIадурила ва гьеб гьекъела.

**3.** ГIодоричазарулеб чай гьабила гьадинал хурдулги журазарун: босила лъаб-лъаб бутIа чIегIераб сагIнил, чIабтIиялъул тIанхазул, чIегIераб смородинаялъул, 2 бутIа сагIнил, 4 бутIа хIамирачIчI абураб харил. Гьел киналго гIисин гьарун руссила ва журазарила. ТIаде тIела 200 мл гьалдолеб лъел. Гьеб чайдал цо-цо стакан гьекъела къойида жаниб 2-3 нухалъ.

**4.** Калинаялъул пихъил 25 г ражихоялда жаниб бухун гIисин гьабила. Дагь-дагькkун багъарулаго, тIаде тIела гьалараб лъел 600 мл. 3 сагIаталъ тIокIкIинеги тун, цIцIула ва кваналелде цебе къойида жаниб 4-5 нухалъ гьекъела бащда-бащдаб стакан.

**5.** Макъу щвеялъе лъикIго кумек гьабула махIабазда тIад горчичникал яги гIисин гьабураб кIалбухI лъунани.

**6.** Гьелдаго цадахъ лъикIаб буго 200 мл 1 охцер гъорлъ лъураб цIамхIалаб лъеда гъорлъе 25 г гьоцIоги жубан гьекъезе.

**7.** Ракъвазарурал катихарил кьалбазул гьабураб сунтI сунтIизеги лъикIаб буго регилелда цебе.

**8.** Цо кIудияб гъуд цIураб магIкIил кьалбазда тIаде тIела 50 г гьацIулги I стакан рахьдалги ва гьализабила. Гьелъул лъугьараб тIокIкIел гьекъела вегилелде бащдаб сагIаталъ цебе.

**9.** ГIисин гьабун буссараб цIияб яги торидалъ букIараб охцер жубазабила ролъул яги абгил чедгун ва цIекIаб рахьгун. Кьижилелде гьеб кинабго жубан буцараб жо лъела надалда.

**10.** Бащдаб стакан цIураб хъабахъ гъорлъ белъараб, лъим гьекъела гьоцIогун къаси регилелде.

**11.** ТIугьдулгун цадахъ буссараб чIотIохарил, 3 граммалъе I50 мл хIисаб гьабун, дагьабго гьуинлъизабураб гьалараб лъимги босун, гьализарила I5 минуталъ. ТIокIкIинеги тун, бухIилаго гьекъела сагIаталъ цебе.

**12.** ГIисин гьабураб катихарил кьалбазул 5 г тIаде тIела 1 стакан (200 мл) гьалараб лъел. цинги, 5-6 сагIаталъ тIокIкIинеги тун, гьекъела 2 кIудияб гъуд цIураб жо - чIахIияз, 2 чайдал гъуд цIураб жо - гIисиназ.

**13.** Кьижилелде бащдаб сагIаталъ цебе кванала перги нахги яги тIорахьги жубан гьабураб пастIаналъул тIанхазул салат.

**14.** Макъу щолеб гьечIони, надалда чIегIераб чадил лукъма цузабила. Гьеб ччузе ккола квасалъулъ яги бетарахьдалъ.

**15.** Надалда лъезе бегьула кефиралъулъ буцараб ракьги,

**16.** ЦIорораб лъим гьекъела.

**17.** Кьижилелде цере бацIцIадаб гьаваялда тира-сверила,

**18.** Хурдузул чай гьекъела, хасго сагIаналъул ва гIинтIидал.

**19.** Макъу бачIинабула гьоцIогун жубараб гIечул къанцIаялъги. Цо чашка цIураб гьацIуда гъорлъ жубазабула гIечул къанцIаялъул 3 чайдал гъуд. Къаси регилелде гьелъул 2 чайдал гъуд кванани, бащдаб сагIаталдасан щулияб макъу щола.

**20.** Макъу щолеб гьечIони, бусада тIад, ботIродаса 50 см тIадегIан кколеб хIалалъ, рекIел хер (валерианка) дализабила. Гьелъги мадар гьабула.

**21.** Босила гIурччинаб синюхаялъул кьолбол 10 г, тIаде тIела 200 мл спирталъул (70 %). ТIокIкIине тела ва 2 анкьица цIунила бецIаб бакIалда, цо ккураб заманаялъ чвалхезеги гьабила. Къойида жаниб 3 нухалъ 15-15 къатIра гьекъела. Гьеб мехалъ гьуинаб макъу щола,

**22.** Макъу щолеб гьечIони, 5 кванил гъуд цIурал гагудал тIугьдузда тIаде бащдаб стакан гьалараб лъим тIела ва 45 минуталъ тела. Регилелде бащдаб сагIаталъ цебе дагь-дагь ккун гьекъела.

**23.** Сельдереялъул 5 кьибилалде тIаде I л гьалараб лъимги тIун, 8-10 сагIаталъ те ва къойида жаниб 3 нухалъ лъаб-лъаб кванил гъуд гьекъе. Гьелъ лъикIаб макъуги бачIинабула, рекIее хIалхьиги гьабула.

**24.** I кванил гъуд гIисин гьарурал рекIел харил (валерианка) кьалбазде тIаде I стакан гьалараб лъимги тIун, гьализабила загIипаб цIадуда цIад тIалъел къараб тIагIелалъуб 10 минуталъ. СагIаталъ тела ва цIцIула. Регилелде цебе кIи-кIи кванил гъуд гьекъела.

**25.** Лавандаялъул нахуца къунщги лъулъани, макъу бачIинабула.

**26.** Корониб бежун пер кванай регулелъул. Гьелъги рахIат лъугьуна, макъуги щвезабула.

**27.** ХIатIазе цIорораб компресс гьабиялъги кьижизе кумек гьабула.

**28.** Макъу щвезе зюзика абулеб харил 1 чайдал гъудалде тIаде тIела 1 стакан гьалараб лъим. 30 минуталъ тела ва стаканалъул лъабил бутIа гьекъела.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

*Дин ва гIумру*

# Жиндирго черхалъе зарал гьаби гьукъиялъул хIакъалъулъ.

**Аллагьас инсан тIадегIан гьавун вуго кинабго махлукъаталдаса ва кинабго махлукъат гьесие мутIигIатаблъун, пайда бугеблъун гьабун буго. Гьукъун буго инсанасул гIумруялъе букIа, чорхое букIа, кьадруялъе, магIишаталъе букIа, кинабгIаги зарал гьаби ва гьедин ккараб заралалъе бихьизабун буго, рецIел боси.**

ТIадегIанав Аллагьас абун буго: **«Нижеца хъван буго гьезие гIумрудулъ букIунеб, гIумрудухъ гIумру, беразухъ берал, мегIерухъ мегIер, цIаялъухъ цIа. Гьедин кидаго къисас боси».**

Аллагьас гьукъун буго намус цIуниялде данде гьабулеб такъсирчилъи ва бихьизабун буго мацI гьабиялъухъги, зина гьабиялъухъ кколеб тамихIги. Гьукъун буго магIишаталде данде гьабулеб такъсирчилъи, цIогьорасе гьабулеб тамихIги бихьизабун буго. Гьукъун буго гIакълуялде данде гьабулеб такъсирчилъи ва бихьизабун буго гьекъолел ва цогидабги гIакълу хисизабулеб, гIакълуялдаса инабулеб жал хIалтIизарулезе букIунеб тамихIги. Гьеб киналъулго буго цохIо мурад, инсанасул гIаданлъи цIуни, гIумруялъул хиралъаби цIуни, гьев заралалдаса цIунарав, кколеб даражаялда гIумру гьабулев вукIине.

ТIадегIанав Аллагьас гьукъун буго инсанас живго жинцаго чIвазе ва хвалде рачунеб цогидаб пиша гьабизе. Аллагьас абуна:

**- «Нужецаго нужго чIваге»** ва **«Нужецаго нужго хвалде гIагарлъизаруге».**

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна:

**«Кьурдаса гъоркьеги кIанцIун жинцаго живго чIварав чи вуго, даимго жужахIалде кIанцIарав чи загьруги гьекъон гьекъон жинцаго живго чIварав чи, кодоб загьругун даимго жужахIалда вукIине вуго вухIулевлъун, яргъидалъун жинцаго живго чIварав чи вугони, гьевги жужахIалда гьебго яргъица жинцаго живго чIвалевлъун вукIина даим».**

Жинцаго живго чIвай ва жиндирго сахлъиялъе зарал гьаби Аллагьасда цебе кIудияб мунагьлъун кколеб буго. Гьединлъидал тамахьо, гIаракьичагъир, наркотикал, таблеткаби гIакълу хисизабун зарал кьола, гьел хIалтIизари, гьелдасан инсан хвани гьев чи ккола жинцаго живго хвезавурав чи. Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: **«Аллагьас нагIана къун буго гIакълуялдаса ине гьарулел жал хIалтIизарулезеги, ричулезеги, росулезеги, гьел кьолезеги, гьел гьарулезеги, гьел раччулезеги».**

Инсанасул сахлъиялъе жакъасеб къоялъ кIудияб зарал кьолеб жо ккола наркотикал. ГIасруялъул чума абула гьелда, гьелдаса гIун бачIунеб гIел, гIолилал махIрум гьаризе къеркьей гьабулеб букIаниги, ракI разияб хIасил кколеб гьечIо. Кинаб цIаралъ абуниги гIакълуялдаса ине гьарулел жал хIарамал жал руго ва гьеб хIалтIизаризе диналда гьукъунги буго. Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: **«Дир умматалдаса цо-цо чагIаз хIалтIизабула хамр, ай гIакълуялдаса ине гьарурал жал,гьезда батIи-батIияб цIаралги лъун,кеп гьабула бакъназдалъун ва кочIохъабаздалъун, цинги Аллагьас рачуна гьел ракьулъе маймалаказде ва болъоназде сверизарун».**

**«Ассалам» газеталдаса босараб.**

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
Заказ № ________. Тираж 1000 экз.

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 1 октября 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00